

**Jwenn plis enfòmasyon pi ba a sou kijan pou w jwenn  
Terapi Ranplasman Nikotin (Nicotine Replacement  
Therapy, NRT) ak lòt medikaman pou tretman  
de pandans a tabak dapre kouvèti asirans ou.**

 = Kouvri

 = Pa kouvri

 = Kouvèti a varye

**Si ou gen  
Medicaid Eta New  
York la (New York  
State, NYS):**

Vaporizatè Nen	Vareniklin	Bipwopyon SR	Ponp
Pasti	Chiklèt	Patch	

- Avèk òdonans, Medicaid NYS la kouvri toulèsenk fòm NRT yo (patch, chiklèt, pasti, ponp ak vaporizatè nen) epitou medikaman bipwopyon SR (Zyban oswa Wellbutrin) ak vareniklin (Chantix) yo.
- Medicaid NYS la pa mete okenn limit sou kantite òdonans li kouvri yo epi li pa egzije apwobasyon preyalab.
- Medicaid NYS la kouvri plizyè fòm NRT oswa medikaman pou tretman depandans a tabak anmenmtan tou. Sa vle di, paregzanp, ou ka mande pwofesyonèl swen sante ou pou li preskri ni yon NRT a aksyon pwolonje (patch) ni yon NRT a aksyon rapid (chiklèt, pasti, vaporizatè nen oswa ponp) epi Medicaid ap kouvri toude. Ou ka mande òdonans pou ni NRT ni bipwopyon SR tou, epi Medicaid ap kouvri toude.

## Si ou gen Medicare:

Vaporizatè Nen	Vareniklin	Bipwopyon SR	Ponp
Pasti	Chiklèt	Patch	

- Avèk yon òdonans, plan medikaman sou òdonans Medicare Part D ak Medicare Advantage (Part C) yo kouvri vaporizatè nen nikotin nan, ponp nikotin nan, bipwopyon SR (Zyban oswa Wellbutrin) ak vareniklin (Chantix).
- Medicare pa kouvri NRT ki disponib an vant lib (patch, chiklèt ak pasti), menm avèk òdonans.

## Si ou gen yon plan asirans prive:

Vaporizatè Nen	Vareniklin	Bipwopyon SR	Ponp
Pasti	Chiklèt	Patch	

(sa gen ladan plan ou genyen  
pase pa travay ou)

- Lwa NYS la egzije pou plan asirans maladi yo ofri kouvèti pou tout kalite NRT ak lòt medikaman pou tretman depandans a tabak ki gen apwobasyon Administrasyon Manje ak Medikaman an (Food and Drug Administration, FDA). Men, gen plan ki gen egzansyon pou egzijans sa a, donk li enpòtan pou w kontakte konpayi asirans ou dirèkteman (rele nimewo ki sou do kat asirans ou a) epi chèche konnen sa li kouvri. Poze kesyon sa yo pou konnen sa ki kouvri:

- Ki medikaman pou tretman depandans a tabak plan asirans mwen an kouvri?  
(Mande pou chak medikaman separeman.)
- Èske gen kondisyon pou medikaman sa a kouvri? (Kòm kondisyon ka gen apwobasyon preyalab oswa dokimantasyon nan men pwofesyonèl swen sante ou ki montre ou te eseye yon lòt medikaman deja ki pa t reyisi.)
- Èske pri medikaman an kouvri nèt, oubyen èske mwen gen pou mwen peye yon pati ladan?  
E kopeman?



NEW YORK CITY DEPARTMENT OF  
HEALTH AND MENTAL HYGIENE

Ashwin Vasan, MD, PhD  
Commissioner

Jen 2024

Chè Kolèg,

Kòm pwofesyonèl swen sante, nou konnen ede pasyan nan zafè konsomasyon tabak la se youn nan bagay ki pi enpòtan nou ka fè pou ede yo amelyore sante yo. Men, gen anpil pasyan ki bezwen plis ke konsèy sèlman. Tretman depandans a tabak la ka ofri pasyan yo sipò ak kapasite jere malèz mank la, ke yo pare pou kite, ke yo bezwen èd pou jere espas san tabak, tankou biling rezidansyèl oswa espas travay. Konsèy mete ansanm ak tretman — ke se medikaman a aksyon pwolonje (tankou bipwopyon SR oswa patch nikotin) ke se medikaman a aksyon rapid (tankou chiklèt nikotin, pasti, vaporizatè nen oswa ponp) pou okipe anvi imeda — ka pote sipò esansyèl nan nenpòt nan senaryo sa yo.

Chanjman Medicaid NYS la pote dènyèman yo nan kouvèti Peman pou Sèvis (Fee-for-Service, FFS) ak nan toulè 18 Òganizasyon Swen Entegre yo (Managed Care Organizations, MCOs), epitou chanjman nan direktiv pou medikaman FDA pote yo, fè sa pi fasil pou preskri rejim san danje ak efikas sa yo pou pasyan ou yo:

- Medicaid NYS la wete limit de (2) tretman pa ane a pou medikaman pou sispann fimen yo. Sa gen ladan I toulè sèt medikaman kont depandans a tabak ki gen apwobasyon FDA yo epitou konbinezon medikaman, tankou medikaman a aksyon pwolonje ak medikaman a aksyon rapid.
- Medicaid NYS la wete otorizasyon preyalab pou preskri medikaman kont depandans a tabak (sòf pou pwodui non mak lè jenerik yo disponib).
- FDA apwouve pou yo wete avètisman sou itilizasyon de (2) fòm pwodui ki gen nikotin anmenmtan, sa ki endike pa gen gwo pwoblèm danje nan preskri konbinezon terapi ranplasman nikotin (NRT) oswa nan itilizasyon NRT avèk yon lòt pwodui ki gen nikotin, tankou tabak.
- FDA te apwouve pou yo wete direktiv pou limite itilizasyon NRT an a uit a 12 semèn ak avètisman sou bwat la sou posibilité efè segondè newosikyatrik pou ni vareniklin ni bipwopyon SR lè yo sèvi pou sispann fimen.

To moun ki fimen yo bese anpil pandan de dènye dizèn lane yo, men nou toujou gen travay pou fè. Konsomasyon tabak la kontinye yon kòz prensipal maladi ak lanmò, epi fimen ogmante risk fè maladi grav pou moun ki gen COVID-19. Ogmantasyon resan avantaj Medicaid yo pou medikaman ak nouvo direktiv FDA yo ofri yon bèl okazyon pou okipe konsomasyon tabak la avèk pasyan ou yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou **nyc.gov/health** epi chèche "**Be Free With NRT**" (**Jwenn Libète Gras A NRT**).

Sensèman,

Ashwin Vasan, MD, PhD  
Manm Komisyon  
Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York

**Montre founisè swen sante  
w lan lèt sa a pou jwenn yon  
òdonans pou NRT oswa pou  
lòt medikaman pou tretman  
depandans a tabak.**



# Kesyon Moun Poze Souvan

**Kijan m ap jwenn yon òdonans pou NRT oswa pou yon lòt medikaman pou tretman depandans a tabak?**

- Pale ak pwofesyonèl swen sante ou epi eksplike ou enterese eseye medikaman nou pale de yo pi wo a.
- **Montre** pwofesyonèl swen sante ou **lèt la**. Li gen enfòmasyon empòtan sou NRT, sa gen ladan yo pa gen danje sèvi avèk NRT pandan w ap fimen.

**Kijan m ap fè konnen ki NRT oswa medikaman mwen vle eseye?**

Ale sou [nyc.gov/health](http://nyc.gov/health) epi chèche "**Be Free With NRT**" (**Jwenn Libète Gras A NRT**) pou jwenn plis enfòmasyon, sa gen ladan l:

- Yon **gid pratik** ki eksplike kijan pou sèvi avèk chak kalite medikaman, avantaj ak enkonvènyan chak medikaman ak repons pou kesyon moun poze souvan
- Yon **videyo** sou avantaj NRT ak sou kijan pou sèvi ak diferan kalite medikaman

**E si mwen pa gen asirans epi mwen vle eseye NRT?**

- Kontakte Liy Telefòn pou Ede Moun Kite Fimen (Smokers' Quitline) NYS la pou pale avèk yon monitè nan zafè kite fimen epi konnen si ou kalifye pou yon twous gratis pou debitnan nan NRT.
  - Ale sou [nysmokefree.com](http://nysmokefree.com) oswa rele 866-697-8487.
- Ale sou [nyc.gov/health/map](http://nyc.gov/health/map) pou jwenn pwogram rejjyonal pou kite fimen ki ofri medikaman gratis toupre ou.
- Si ou bezwen yo ede ou enskri pou asirans maladi, sa gen ladan I Medicaid, gen asistans gratis an pèsonn ki disponib:
  - Rele **311** oswa ale sou [nyc.gov/health](http://nyc.gov/health) epi chèche "**health insurance**" (**asirans maladi**) pou pran kontak avèk yon asistan.



# Kijan Mwen Ka Jwenn Medikaman Pou Tretman Depandans A Tabak?

Avèk règ ki entèdi fimen yo nan anpil espas publik ak lojman, li ka difisil pou moun ki sèvi ak tabak yo jere anvi ak mank. Lè yon moun sèvi avèk medikaman pou tretman depandans a tabak, tankou terapi ranplasman nikotin (NRT), li gen plis chans reyisi kite tabak la lè li bezwen ak vle sa, ke li pare pou kite, ke li pa pare.

Gen twa fòm NRT (patch la, chiklèt la ak pasti a) ki disponib an vant lib, sa ki vle di ou ka achte yo nan nenpòt famasi san òdonans. **Men si ou gen asirans epi ou jwenn yon òdonans nan men pwofesyonèl swen sante ou, NRT ak lòt medikaman tankou bipwopyon SR (Zyban oswa Wellbutrin) ak vareniklin (Chantix) gen dwa kouvri pou yon pri minimòm oswa gratis pou ou.**